Pan lumaris nabiye lan Jabaril / Nulya panggih / ILwan nabiye Ngisa /
 Anguluk salam karuni / Nabiye Ngisa umatur / Ya Muhammad tuwan linuwi /
 Kinasihani diningyang / Tanana kayibku /Anandini weling ingwang /
 Tuwan suhun sholat lawan shiyam niki / Pan peri dangan kang umat

Anahuri nabiye kang linuwi / Innyaalla weling kakang Ngisa /
 Nulya amit lumampaagi / Kali Jabaril iku / Tana lawas nabiye angaksi / Malikat
 kang kalintang / Tur kata kadulu// Datan kena winiilangan / Peramalikat samya
 nungkem maring jeng nabiye / Samya tumengkul samya.

Siraipun sundul sabta langit Paanipun / Terus bumi sabta /
 Anganggi kaperabun adi /Mapan asira mipun / sira siji sipun cangkem /

Cangkem ingkang sanunggl /P Pan akhilatsipun / Ulat kang sanunggl-sanunggal /
bida-bida / Sawani maca tasbih / lan tahmid takbir ika .

Nitera nira lewir samya umijil / nabiye kita / Langkung ajrih hira /
Pan gumeter sarirani/ Datan kena lumaku / Jabrail alun aturi /
Ya gusti kang panutan / Sampun ajerit iku / gi punika malaikat /
Kang marinta / Tan lisan andika gusti / ing jeru langit ping sabda.

Jabrail asugal sabdani / Mering malikat / Kang agung punika /
Sira tumengkul kasi /Pan nula ajeri ingsun / Maring sira kabi sakaki /
Iku nabiye panutan / Yata malikat sampun / Sadaya langkung ajeri neya /
Samya nungkem / Maring jeng nabiye kakasi / Duh gusti apuraha.

Pan lumaris lampahi jeng nabiye / Akaliyan / Lawan malikat /
Pera ping langit kaping seri / Langit timbaga iku / Jabrail pan anuli /
Agelis agetap lawang / Wengananapintu / Malikat Habil anabda /
Sapa sinten / Kang anggetab lawang iki / Lan sapa riwangira.

Anahuri ingwang Jabrail / akaliyan / Jeng nabiye Muhammad /
Kini mungga Mi'raj mangki / Dinira sangyang agung /
Lading agiles wenganen kuri /Habil suruk jinandak / sinuruken asrup
Kang kuri nulya amenga /Nabiye ningyang /Malebet sajeru ning kuri /
Jabrail aning wunten

Pan akata riwangira Habil / Datang kena /Reki winibangan /
Lewir wedi sagala kewihi / Samya abaris iku / Saha nganggi kaperabu adi /
Saweni nyekel pedang / Lan perisi nipun /Saweni angagem gada /
Lembing gantar /Perasamya isakit-sakit / Samya muji pangiran .

Sami nungkem ing nabiye kakasi / Asalaman /Malikat sadaya /
Samya tinahuran kabi/ Lumaris lampahipun /Pera malikat angiring kabi /

Perapting langit kaping pat / Nabiye ningyang agung / Jabrail anggetab lawang /
Sahanabda / Agelis wenganana kuri / Sampun alawas-lawas.

Pera malikat kang anungkem kuri / Anahuri / Sapa jaluk lawang /
Lan sapa riwangi iki / Jabrail lun amuwus / Iya ingsun ta Jabrail /
Lan mali riwang ngipun / Kakasi yangagung / Nabiye Muhammad panutan /
Ingandikan / Dining maha succi / Lan agi wenganana .

Pan malikat sigera nyuruk kunci / Nulya menga / Gumubyar lewir kaca /
Langit sadaka puniki / Lumaris kanjeng nabiye lawan Jabrail /
Malikat tunggu lawang / Anulya gupu / Anunggem mering nabiye kitab /
Saha sung salam / Salamet nabiye kakasi / Ingandikan yang sukma.

Sakatahi nabiye kang saketi / kali laksa / Pittang ipu ika / tang kadya paduka nipun /
Kinasihan yanga gung / ingandikan meringe sapta langit / Amba milewa amujeba /
Kang lunga kang kantung / Salamet lampa tuwan / Kin ngulati /
Ingkang sajeruning langit / Punapa karsa tuwan .

Pan lumaris lampahi jeng nabiye / Kaliyan / Lan sudara nira /
Tan lawas nulya ningali / Malikat kang aluhur / Pan alinggi luhuri yang kuri /
Kinipun dining bala / Sakwi riwangipun / Perasamya ngagem sanjata /
Gada sujihen / Pera samya kang kangaksi / Aniksa mahluk kata .

Sakwi mahluk sinuduk lan sujingan / tur linungyang / Pinukul lan gada /
Malikat siji wung siji / Angandika yanga gung / Datan ken riris sakedip /
Tikeng dina qiamat / Wis karya yanga gung / Sakwe malikat anggada /
Mawur-mawur / Geni daging balung niki / Lewir kakalepung sadaya.

Tana lawas nulya urip mali / kadi yang kuna / Gumra sewaraneya anjerit-jerit tangisi
/ Kabi aneda wangsul / Maring dunya arsa ngabekti / Tadan panuhun amba /
Malikat amurus / Mung sapisan ningyang / Datan kena / winangsulaken sabdani /

Dihin sasama nira.

Kanjeng nabiye kalangkung akiris / Ppan kancaka / Jabrail angrampa /
 Jabrail alun aturi / Panutan nabiye luhung / Sampun wedi nabiye yang widi /
 Ma pan paduka uga / kin marinta iku / Anglisirt nabiye Muhammad /
 Si Jabrail / akeras pangucup niki / Maring malikat akata .

Kaya paran teka mamedini / iki sapa / Dini awas nitera neya /
 Jeng nabiye iku warnani / Kata sin sangyang agug / pan malikat samya ing wuri /
 Miwa wuntening arsa / Kanan kiri sarya asalam sadaya / Malikat /
 Nahuri angasi / Dawek sumungga karsa.

Nabiye panutan sabdani ariris / Wung putapa / Sira kang si niksa /
 Malikat alung aturi / Wung musyrik ta puniku / Tur amungkir ing paku nabiye /
 Nabiye kita sung salam / Ing malikat agung / Sinabuhan salamira /
 Gelis lumampa / Kaliyan Jabrail / Reki nabiye Muhammad .

Nulya panggihan nabiye kakasi / Nabiye Dawud / Lan nabiye Suliman /
 Angulukm salam karuni / Pan sinahuran gupu / Apan sami sudara nabiye /
 Nulya lengga ajar / Mungging kursi agung / Nabiye kakasi atur neya /
 Inggituwan / Andika punjul peribadi / Kakasi yang sukma.

Lawan mali kaula angaturi / Nning suwawi / Tuwan nabiye ningyang /
 Anuhun sholat taraki / Kalawan syiyam iku / Wung ashiyam tigang sasi /
 Wung asholat satahun / Reki siket waktu / Ingkang sadina saweb genaya /
 Umat tuwan / Supaya dadiye inting / Angrasa gedik lampanya.

Pan lumaris lampahi jeng nabiye / Akaliyan / Lawan malikat /
 Amagi sagala gedi / Agungira kalangkung / Wiyarra Masyrik lan Magrib /
 Jeruni tan pawangena / Angling nabiye Rasul / Hi Jabrail tasik apa /
 Sun tingali / Ajembar kalangkung ajerihi / Jabrail lun aturneya.

Inggi tuwan sagala puniki / Dihin ingkang / Angeleming jagat /
 Zaman nabiye anuh uni / Luwari lampahipun / Perapting langit kaping panjani /
 Jabrail agelis anggetap / Ingsun jaluk pintu / Kageyat kang atunggu lawang /
 Lan Izrail / Bala akwewe tan kawilis / Atengga langit emas.

Anahuri kang atenga kuri / Sapa sinten / Kang anjaluk lawang /
 Lawan ta sapa riwangi / Iya Jabrail ingsun / Kinin dining kang amurbing bumi /
 Aangudang jeng panutan / Kakasi yangagung / Israil nulya anabda / Mering riwangi /
 Din agi ayuruk kuri / Gapula sampun menga.

Pan lumaris nabiye lan Jabrail / pera malikat / Abaris sadaya /
 Perasamya marani kabi / Tumulya nungkem gupu / Pada salam dateng jeng nabiye /
 Tuwan kakasi ingyang / La dawek mumundut / Lan mali angulatana /
 Gangsal langit / Punapa din pundut gusti / Amba datan anggana.

Nabiye Muhammad pan sampun lumaris / Kaliyan / Lawan malaikat /
 Jabrail iku arani / Lumaris lampahipun / Teking langit ping enem angaksi /
 Muteyara langisira / Jabrail amuwus / Manira anjaluk lawang / Sarya getab /
 Wenganana ingkang kuri / Nabda kang tunggu lawang .

Sapa sinten kang anjaluk kuri / Aning jawi / Sapa riwangira /
 Jabrail alun sabdani / Jabrail araningsun / Kin dining kang murbing bumi /
 Angudang ya Muhammad / Panguluni rsul / La mara wenganana /
 Aja' awas /Malikat anyuruk kuri / Kuri sampun amenga.

Pan malebet nabiye ningyang widi / Akaliyan / Lawan malaikat /
 Jabrail iku arani / Lumaris lampahipun / Kang atenga lawang langit /
 Sarya ababa risa / Akwe riwangipun / Perasamya anguluk salam /
 Sadaya ni / Sinahuran dining nabiye / Perasamya asuka bunga.

.Malikat kang tunggu kuri / Ya panutan / Nabiye kinsihan /
 Datanana ing tandingi / Sakwe nabiye yanga gung / Datan kedi nabiye kakasi /

Lumaris lampahira / Pan sampun andulu / Malikat tan pawilangan /
Agung inggil / Perasamya muji yang widi / Sadaya asung salam .

Pan lumaris ngaliye anggi mali / Aningali / Malikat geng lintang /
Linggi ing kursi reki / Ya perasamya ngepung / Tur akata datan kewilis /
Yang sukma kang ameruhana / Malikat kang lunggu / Kang ana ing kursi emas /
Pan sumanding / Papan ing kiwa tengeni / Tan kena gumingsirran

Datan kena nuli salawasi / Yin dulu hing / Kanan anuruna / Aturi aning kiri
Anuralampahipun / Datan kena yenggang satari Angebuki wung peja / Salawasi iku /
Ing kanan ngebuk wung lanang / Kang ing kiwa / Angebuk wung wadon singgi /
Malikat kewi salamet.

Lawan nabiye panutan tan linuwi / Pan akantun / Malikat sanunggal /
Jabrail alun aturi / Pakulun sampun bendup / Yan suwawi karsa jeng nabiye /
Malikat ampirena / Tan keda lumaku / Tan kena bengakang sakedap /
pipil kedi / tan wandi awur kang tusi / Manawi tan karan ngetan,

Nabiye ningyang sabdani amanis / Lahta payu / Ampirena sakedap /
Lumaris lampahi reki / Perapta datan andulu / Gewi nira dipun lampahi /
Nabiye nguculaken asta / Sarwi mariniku / Yin perapta ingarsa nira /
Pan jinawel / Yin ucul anyeras mali / Lumaris nabiye ningyang .

Akaliyan lawan Jabrail / Pan angaksi / Malikat geng lintang /
Tanana reki tandingi / Katun alawerna nipun / Pan marengut ing sangumuri /
Nitera mandeng lewir surya / Alenggi kursi agung / Malikat mahus wastaneyya /
Jeneng aqil / Ngisrail kang anglurahi / Bala tan pawilangan .

Pan abala siwu pinyewung dasi / Kang sanunggal / Abada mangkana /
Ngizrail angawsini / Alinggi ing kursi agung / Ingsurewaraksa agung ahinggil /
Apangira sakawan / Epang witanniku / Ahub ing masyriq anggineya
Pucukira / Akulun tumba ing magrib / elur kidul anggana.

Inggilipun terus sabta langit / Pucukipun / Anyunduling ngarsa /
 Ingsur sabta bumi raki / Mungging tengah kiwa niku / Ana telaga papat westani /
 Siji telaga puhan / Ping kali puniku / Telaga arum sirtanya /
 Kaping tiga / Tirtaneya langkung amanis / ping pat banyurip ika.

Wangsul maring witing weraksa bali / Pan Ngizrail / Lengga ingstur weraksa /
 Wastani weraksa naraki / Sidara lumtaha iku / Kayu ipun atamping karsi /
 Ing sabda ningyang sukma / minaka weraksiku / Utusanira yang sukma /
 Pupus medal Ing jeru ni ana kang tulis / Iku kang penduman.

Lamun mijil pupus kang weraksi / Mapan medal / Rari jeru wetenganaya /
 Yin runtut titing ngizrail / Pan tinangga pan gupu / Dan winanikseming ati /
 Nuli maring riwangneya / Angaweruhi kimahus / Aparinta maring malikat /
 Pan lumaris / Tan lawas tumulya perati / Malikat yakta bawa.

Gelis timantan piza ning gininki / Pan Ngizrail / Mandiri awak neya /
 Akaliyan mahut reki / Terus langit saptiku / Sikinira terus saptu mubi
 Malikat babarisa / Perasama marengut / Tan mawi ajri tingataya /
 Cahya mesum / Malikat iku sakali / Tan juga dining awak.

Jabrail asugal sabdani / Kaya paran / Ngizrail lan mahuta /
 Sapa sira senggih / Iku nabiye kang luhung / Jeng Muhammad panutan nabiye
 Lan mali ika / Dinira yangagung / Ngizrail tan kena ngucap /
 Pan ka getun / Tan weru yan panutan nabiye / Lumingsir yin palinggeyan .

Malikat mahut tan kena angliwati langkung ajri / Teda king palinggeyan
 Perasama marani kabi / Perapta alengga kunu / Pitewung pulunipun kang perapti /
 Sami aslaman / Ingarep lan pungan mungging kanan kiri nira / Mundur teka /
 Ngizrail alun sabda ni / Pukulun nuhun nuhun duka.

Yin suwawi lawan gusti / Ddawak mundut / Barang ka..... /
 en nabiye alun sahuri / Malikat sapa anarnmut / Lawan mali pangyawiniki /
 Ing mali amba panutan / Ngizrail ran ingingsun / Gawi amba lalap yawa /
 sadaya makhluk / Lan iku mahut arani / Jeneng apilika.

Sun angaksi rupa ni sepi / Kabi iku / Nuruna cahyaneya /
 Kalawan agung wetengi / Tan tiga sun andulu / Kaya paran pangrahusi
 Yawani makhluk sakalir / Tan wandi winalesan.

Pan lumaris lampahi jeng nabiye / Akaliyan / Lawan sudaraneya /
 Wus perapta reki inginggil / Ningali sagala agung / Tuya petak adem kapati /
 Tasik em bun westaneya / Muhammad amuwus / Hi Jabrail tasik apa /
 Sun tingali / Tuyani petak awening / Jabrail aturira.

Tasik ebum punika westani / Tuyanipun / Langkung ademira /
 Yin sibukaken bayuni / Ing langit ping saptiku / Pastini sakwi malikat mati /
 Yin nitisa ing dunya / Satitis kimuwun / Sadaya tanana gesang /
 Sakwi makhluk / Jeng nabiye sampun lumaris / Parepta ting langit ping sabta.

Jabrail pan anggetab kuri / Lungkapena / Sadaya lawas-lawas /
 Malikat alun sahuri / Sapa anjaluk pintu / Jabrail sagala nahuri / Jabrail araningwang
 / Kininkin yangagung / Angunlang kakasihira / Nabiye kita /
 Kinin mungga mi'raj mangki / Ngulati mas ku mambang .

Fasal

Malaikat pan akwi atunggu kuri / Sampun sinurukan /
 Asapura menga tumuli / Lawangi langit mimira .

Pan malebet nabiye nira sangyang widi / Jabrail riwaang neya /
 Malikat tunggu kuri / Perasamya ababarisa.

Pan akata malikat kang abaris / Atundan-tundam ping sapta /

Perasamya gupu marani / Anungkem sadayawung salam.

Aturi pun malaikat tunggu kuri / Tuwan alinggiya /
Mumunduta marang ngabdi / Kang wuntening langit sapta.

Pan lumaris nabiye kasi/ Lawan malaikat /
Jabrail tariwangi / Ngaksi nabiye linggeya jajar.

Kangjeng nabiye alinggiya sanding puterani / Ibrahim westaneya /
Gangsar puterani alinggiya / Ismangil kalawan Ishaq.

Jeng nabiye elu / Lawan nabiye Ya'kub niki /
Alinggi ajajar / Abagus –bagus waranani / Gumilang –gumilang cahyaneya.

Nabiye kita perapting arsa nabiye ski/ Kang lengga ajajar /
Samya nabiye luwi-luwi / Ismangil lan nabiye Ishaq.

Nabiye elu ajajar lan ya'kub tiki / Samya sasalaman /
Ibrahim alun sabdani / Yugya temen Muhammad kakasihingyang.

Katanabiye tan kadya nabiye kakasi / Wunten weling ingwang /
Yin perapta imajengani / Ingarsa ni sangyang sukma.

Anjaluk shalat siyam ingyang widi / Mapan shalat ika /
Siket waktu dina wengi / Syiyam sawarsa tericandel.

Nulya sakata hi paranabiye / Lumaris maring sapta bumi /
Sirahi malaikat / Anerusning sapta langit /
Awakintan patandingan.

Yan gegema sapta langit sapta bumi / Datan tingali/
Kacaturi kitab iki / Kitab Mi'raj wastanira.

Sabben isuk adus ing sagara kedi / Yin amentas punika /
Titisneya banyu elari / Samya dadeya malaikat .

Pan asalam lumaris nabiye kakasi / Jabrail riwangneya /
Ningali tasik kedi / Kalangkung –langkung jembar neya.

Langkung jeru sagala shahih wastani / Datan patandinmngan /
Sakatahi bumi langit / Mijil umbak kalintang.

Fasal

Tuyanipun murub kadya geni / Apadang kalangkung /
Inggang madya kalangkung / Umbanipun kalangkung gengi /
Malikat ning tepi / Agengi kalintang.

Nabiye ningyang wedi semu kiris /Anulya tan imut / Jabrail ayandak madyani /
Ringangkul sarwa ngasi-ngasi / Sampun kiris gusti kageyat nuya wungu /
Kageyat nulya wungu.

Mung paduka kinin marinta hi / Langit ping saptung jeru / Datanana awati maring
gusti Pan malikat kalangkung akedi / Bala tan kawilis/ Cahya nipun murub.

Apanganggi alinggi ing kursi / Bala akwi angepung /
Lamun angling pan amedal geti /Murub-murub saking cangkemi
Niteraney a mandelik / Lewir kedap guntur.

Sakwi eling pan amedal geti / Lewir jajalang kubung /
Sariraneya kalangkung irengi /Amarengut salawasi tan misa ngisemi /
Sewarani lewir guntur.

Jabrail atur amanisa adu gusti ningunga / Inggi iku malakikat reki /
Inggang kabubuhan anjaga api / Suwawi ta gusti / Ampiren ta maskun.

Gelis lumampa lawan Jabrail /Perapting arsa nipun / Jabrail keas sabdani .
Dumateng malikat gedi / Ing sajeru wetengi / Murub –murub api agung .

Sapa sinten aning arsa mami /Datan keris ingung/ Iku nabiye muhammmad linuwi /
Ingandikan dinira yang widi/ Ingsun king angriwangi / Tikeng ngijab iku

Malikat gedi tan kena anglin / Gegetun kaangkung / Malikat langkung ajri /
Arsa salaman datan khinging / Malikat puniki / Paweka tan purun .

Sakwi malaikat amarani / Kang api manjurung / Jabrail sabda ni amanis /
Adu gusti sampun tuwan awedi / Geni nirpanasi / Wedi ing pukulun.

Malaikat sadaya nungkemi / Sampuni lastari lampahi /
Tana lawas nabiye pan angaksi /
Malikat kang linuwi / Tur panjang kadulu.

Sira sinten abadan sawiji / Ngarasy kang piniku / Abanjaran walung dasiki /
Kang sabanjaran riwangiriki / Iku tan kawilis malaikat anum.

Fasal

Kandeli Ngarasy punika / Siwu paningal kangaksi / Malikat parasamya nagga /
Anuhun lawan sirahi / Sikil terus sapta bumi / Pera malikat ananggung /
Tur sarya abusana / Kaperabun adi-adi /Sampun kalawan sanjata nira.

Sarya anyangking kendina / Samanta lwan panahi / Atunggalan pedangira /
Gedani sampun jinangking / Samya amaca tasbih / Maring pangiran kang agung /
Datan pegat sakedap / Inda-inda pamujini / Sira sijini acangkem siwu punika.

Ilat kang sanunggal-sanunggal / Siwu pamujiniriki / Samya muji ing pangiran /
Tan pegat pamuji niki / Ana amaji tasbih / Lawan tahmid pujinipun /

Lawan takbir punika / Sareng tahlil lawan tamjid / Peramalikat samya muji ing pangiran.

Niteranipun kadi surya / wuluni apantes niki / Karingat kadya kumkuman /
Gadanya arum amanis / Wernani inda luwi / Kupingi kang sawiji iku /
Yin tinutur pakena / Pitewung langit pitewung bumi /
Katutupan kuping sanunggal kewiya.

Yin masuk iku mibera / Ing langit karnaniki / Siwu tahun datan perapta /
tur kang sajara mali / Sisiteni danya niki / Pasti kaamut siriku /
Elari kang sanunggal / Apisa ala ing buri / Siji aning bumi siji aningakasa.

Inkang sanunggal punika / Ahisiye siwu wernani / Apilak wernaneya /
Saking karsa ningyang widi / Lumaris lampahi nabiye / Akaliyan anakipun /
Jabrail wastaneya / Kata warna kang kaaksi / Sakalangkung ayuni kang katingalan.

Malikat akwi angraksa / Perasamya asigit-asigit / Anganggi kaperabu mulya /
Anut adam kang tingali / Lumaris lampahing nabiye / Ningali sagala agung /
Welewang pangkat kacanya / Elati sawiji-sawiji / Lalampahan siwu tahun elatira.

Westaneya snunggal-sanunggal / Kang ingсур kucapa mali / Sagala ngarap kang
nama / Ping kalida tameman arani / Ping teri ijab arani / Kaping bera aranipun /
Gangsal mingsur araneya / Kaping nem gawung arani /
Kaping pitu aranipun kangnama.

Ping welu munjar araneya / Lumaris lampahi nabiye / Akaliyan malaikat /
Amanggi akwi niki / Pitewung pangkat katahi / Angaleti enggun panutub /
Amanggi sambarana / Lumaris lampahi nabiye / Pan angaksi nabiye kakasihi Allah.

Katahi ingkang timbangan / Lewir wiyari bumi angit / Sawiji lewir langit ika /
Malikat andum razeki / Balaaki tan kawilis / Wunten makhluk agung kalangkung /

Sarya sumanding negga/ Razeki tinimbang uga./ Din wihaken maring umat samadaya.

Ana antuk samaparapat / Wunten satenga kumyani/ Sakatahi makhluk ika /
Malikat kang timbangan / Tan kaliwatan sami / Wis pinasti nimba ngingum /
Dinira sangyang malawan / Kang andum riwang Mikail /
Malaikat sadaya kang andum ika.

Tan pawilangan malaikat / Lewir wedi aning palisir /Samya muji sadaya /
Maring kang amurbing bumi / Tan lawas pan angaksi / Sagala iju kalangkung /
Tirtani iju reku / Malaikat akwi ing tepi / Wunten nabi malaikat sakawan rarahi nira.

Katahi malikat ika / Pitung pulu iwu kihi / Rarahini sanunggal /
Arupa ana Adam / Ping kali rupa paksi / Pinh teri rupa hiwan iku /
Ping pat rupa ulam / Kang wernana adani / Sinumpaken razeki maring ubat neya.

Kang arupa hiwan ika / Sinungaken maring buruni / Kang rupa manuk ika /
Sinungaken maring paksi / Kang arupa ulam / Sinungaken ulam iku /
Samya muji ing Allah / Datan pegat pamujini / Mali ngaksi gala ireng kalintang.

Wiyari dtan pasama / Ing Masyriq tka ing Maghrib / Jeru datan wawengenan /
Umbaki nempu ing tepi / Lweir guntur masawa arti / Malikat lunggu ing tepipun /
Lewir lintang langit ika / Pangrahusi kanjeng nabiye / Inggang maksu aning
tepinging sagala.

Jeng nabiye kirising nala/ Angrasa tan manggi sawergi / Tan lawas nulya kantaka /
Sinambut sining Jabrail/ Yatuan sampun wedi / Wis karya nira yangagung /
Sakwihi aning wiyatperasamya kin ngulati / Nulya anglibir nabiye Muhammad
alengga.

Tan lawas ngaksi malaikat / Kalangkung agung ahinggil/ Pitung pulu iku akwihi /
Malikat perasamya muji / Anulya amanggi mali / Malikat agung aluhur /

Perasama nganggi elar / Pitung pulu iwu kewihi/ Elar gangsal agengi kalintang—
lintang.

Panglungi ingkang saaler / Winadahan sapta bumi / Amut datan katingalan /
Panjangi ingkang sasisir / Tumeka maring Masyriq / Salisi ring panjangipun /
Maghrib ing pernahira / Mikail kang pangagengi /
Wunten makhluk agengi datan pasama.

Agengngi tan patandingan / Sabta bumi sapta langit / Ngaksi makhluk ageng iku /
Yang sukma wagus tandingi / Jabrail lun sabdani / Maring nabiye ningyang agung/
Tuwan amba kantuna / Arsa angiring nabiye / Datan gingsir ingperta amba punika.

Jeng nabiye alun anabda / Sapa dados riwang mami / Jabrail nahuri sabda /
Jabrail gagantus mami / Yata mangki lumaris/ Kalawan Isyrafil iku /
Jabrail kantung wuntat / Pangrahusi ingkang ati / La tamara jeng nabiye kening
apusan.

Tan kawarna lampahira / Jeng nabiye lawan Isyrafil / Perapta amanggi warana /
Ping sapta ema.. kaaksi / Wiyari kadya langit / Elatipun siwu tahun /
Malikat kewi anjaga / Warana ingstur kawarni / Mapan wesi purasani kang kinarya.

Ping kali werana tima / Ping tiga gangslipun / Ping empat salaka petak /
Ping lima emas sinangling / Ping enem muteyara adi / Ping sapta mimira luhung /
Malikat kang angraksa / Sira terus sapta langit / Sikilira terus sapta bumeya.

Nabiye kita sampun lepas / Akaliyan Isyrail / Aningali ingkang cahya /
Kalangkung padangiriki / Perapta werana sawijing / Petangikalangkung-langkung /
Malikat kang anjaga / Angudulaken astani / Pan agepuk lan astani nabiye
Muhammad.

Kininding yang binakta mungga / Maring werana pingkali /
Perapta malikat kang atengga / Anyandak asta kiwani / Tan lawas sampun perapti/

Maring warana ping telu / Amanggi kalinggiya / Kursi lanjanga linuwi /
Gelis nabiye nirta sangyang sukma.

Sumanding yang pera malikat ping kali samya riwangi / Gelis sinangling
papalangkan /
Tan lawas nulya anglilir / Ningali ipik-ipik / Da tananana bada nipun /
Perasama asalaman / Nabiye nira sapta widi / Gelis binakta maring warana ping
empat.

Salaka ingkang kinarya / Tan lawas amangg kursi / Kancana ayu apilak /
Tinatera pan mira adi / Murub pan aning arsa / Kantaka nabiye yangagung /
Sinala ing palinggiyan / Sumanding malikat kali /
Tanalawas anglilir nabiye Muhammad.

Alami ing palinggiyan / Nabiye nira sangyang widi / Ana suwala kapepeharsa /
Kalangkung arum amanis / Lumaris lampaniki / Teking berana gangsal iku /
Emas ingkang kinarya / Padangi angliliwati / Pan wus liwat nsbiye nira sangyang
sukma.

Perapting werana ping enem ika / Muteyara ingkang kinardi /
Mali ana sewala kapeharsa / Saydani arum amanis / Angruhus kangjeng nabiye
Mewara iku langkung arum / Pundi pernahhi / Lumaris lampa jeng nabiye /
Akaliyan kalawan Isyrafilika.

Perapting werana kaping sapta / Mimira ingkang kinardi / Aningali cahya munjar /
Kalangkung –langkung padangi / Tan lawas aningali / Ngaksi jatini yangagung/
Allah sigela ngandika / Hi kakasi insun niki / Aninginjang lan mangki datan
paryida.

Nandini nabiye Muhammad / Angaksi kalima kali / Allah tangali ngandika /
Sun kasihin sira kaki / Lan mali umat niki / Kapanut maring kaka singsun /
Pan cinadangan sewarga / Sakatahi umat nabiye / Yan tan istu pasti anemu naraka.

Nabiye Muhammad tur neya / Kadus paran tuwan gusti/ Makhluh cinadangan
 sewarga / Ngandika yang maha suciha/ Wungkang ngulati barkati /
 Wenga Tuhan nipun karup /Yin nula anut mangku / Ing wenga tuwani kali /
 Sayaktini binendun dira yang sukma.

Allah tangali ngandika / Yugya mumuliya kabi / Maring wenga tuwan kaleya /
 Aja samberana kaki / Mali ing anut yatim ajalani ing panggung-panggun /
 Wajib ngusap siraneya / Wihanan pangantumuli /
 Sakarsani tnekanan dining yang sukma.

Wung mali wung asung lisa / Maring masjid ta puniki / Masjid pinanda manreku /
 Sarta din ikhlas ati / Yin tan ikhlas da na ni / Kari ical dananipun /
 Tan tinarya sira / Dnira sira yang widi / Wungkang anut perasamya angawerwuhana.

Nabiye meneng tan punapa / Israfil alun sabdani / Lata tuwan aturen /
 Wawelingi parannabiye / Sahunen punggung mangki / Shalat lawan shiyam miku /
 Nabiye diri yang anabda / Angandika sangyang widi /
 Sira ginunem mungkura iringwang.

Fasal

Kangjeng nabiye angandika / Mangsa burung tuwan pangiran mami /
 Tan wenang amba yangagung / Matur maring yang paduka
 Sangyang sukma angandika manis arum / La iya wus weru ingwung /
 Shalat sadina sawengi.

Siket waktu kata hira / Ingkang shiyam satahun tigang sasi /
 Ing mangki sira sun elung / Shalat lawan puwasa /
 Sun wihi sira elun umatipun / Sadiya gangsal shalat neya
 Kang shiyam kantun la sasi.

Israfil alun atur neya / Maring nabiye du tuwan kirang gedik-gedik /

Nabiye Muhammmad amuwus / Maring Israfil ika /
 Datan kena pangandika yanga luhur / Amung sapisan kiwala/
 Tan kena amalin-malin-malin.

Yang sukma mangki ngandika / Ya Muhammad kakasi ingsun iki /
 Tegesi asi puniku / Yang sukma asung rahmat
 Binjang pangggi sira lawan uingsun / Israfil sira lungaha /
 Bakta tan kakasi mami.

Gawananen maring suwarga / Lan naraka sakwi din kun ngulati /
 Dadi ta riwangipun / Iku Jabrail uga /
 Sira aja miu ing suwarga iku / Lan mali ta shalam ingwung /
 Maring malikat Jabrail.

Nabiye panutan tumedak / Ing pakinggiyan akaliyan Israfil/
 Perasamya sung shalat iku / Maring kang murbing jagat /
 Pan lumaris lampahi nabiye panutan / Saperapta nira ing jaba
 Jabrail kapanggeya mali.

Israfil kagelis anabda / In Jabrail salamira yang widi /
 Jabrail nahuri kupu / Sun salam ming pangiran
 Israfil angling mari yang Jabrail iku / La wunten weling ingyang
 Siraakin riwangi nabiye.

Din kun ngulati suwarga Lan naraka amba kin wangsuli /
 Jabrail tumulya gupu / Sarengi nabiye ningyang /
 Pan lumaris kanjengi Rasul / Akanti lan malaikat
 Jabrail kang anyarengi.

Ucapan kang kantun ing wuntat / Pan Israfil angrahus jeru nalani /
 Kaya paran awakinsun / Ala sinala ingwung /
 Lan becibad Jabrail kang angsal untung / Kucupa nabiye panutan /

wus perapta jawi ning kursi.

Gapura murub gumawang /Pan mimira susuteya kang adi luwi /
Pating keredap seneningpunn/ Wunten Jibril gapula/
Pan amungal la ila ha ilallah...../ Muhammmad Rasulullah
Sasterani lawan sewargi.

Wiyari ingkang gubura / Lalampahan pittung atus / Jabrail anjaluk pintu
Wenganana sun lawang / Kang atengga lawang sabdanipun arum/
Sapa sinten jaluk lawang / Lan mali pariwangi.

Gapura wunten panumbas / Pan sakawan panumbasipun kuri /
Dihin ilang dengghinipun / Ping kali alilinggiyan /
Lan wung mukmin ten lengga lan wung kupur /Lan malihin wung durjana
Ping tiga nyebut yang widi.

Ping pat welasing sasama / Anahuri Jabrail aran mami / Lan mali listari yang
ingsun /
Nabiye nira yang sukma / Kin ningali kang wunten angiong suwarga iku /
Nulya sinar wuk kang lawang / Gubura menga tumulya.

Malebet jeng nabiye kita / Lan Jabrail wus perapta jeru ning kuri /
Malikat sung salam iku / Lumaris lampahira
Perapting awang ping kali sigera anjuk / Jabrail anjaluk lawang
Wenganana ingkang kuri.

Sapa tunggu lawang anabda / Sapa sinten ingkang anjalkuk kuri / Lawan spa
riwangipun /Kuri wunten panumbas / Rum dihin asi ing anut bati iku/
Ping kali bakting wung tuwa / Jabrail sigera nahuri.

Jabrail ta araningwang/ akaliyan lan jang nabiye kakasi / Kin ngulati sewarga iku /

Dinra sangyang sukma / Lan ngunggapen lawangira dina iku / Malikat anyuruk lawang / Wus menga gupura adi.

Katinalan lan gapura / Pan anjarit gapura ing mangali / La Ilahailallah / Muhammadarrasulullah / Pan lumaris lampahira kang jeng Rasul / Lawan Jabrail ika / Malaikat pan asung bakti.

Lastari ta lampahira / Datan kendak lampahi kanjeng nabiye / Perapting lawang kaping telu / Gumubyar kang gapura / Malaikat Jabrail anjaluk pintu / Wenganana ingkang lawang / Sumahur kang tunggu kuri.

Sapa kang anjaluk lawang / Wati-wati lan sapa ta riwangi / Lan mali gupura iku / Wunten inmgkang panumbas / Pan kakali panumbas ingkang pintu / Kang dihin luman kang asta / Ping kali welasing fakir.

Jabrail ta arani ningwang / Akaliyan lan nabiye kakasi / Kang tatengga anyuruk pintu / Gapura sampun menga / Katingalan gapura ajiri iku / La Ilahailallah / Muhammadarrasulullah.

Lumaris ta lampahira / Kanjeng nabiye akaliyan Jabrail / Gapura ping pat kajujuk / Jabrail jaluk lawang / La ta agiles wenganana ing sun pintu / Kang tengga nahuri sabda / Sapa kang anjaluk kuri.

Lan sapa ta riwangira / Kuri iku pan wunten panumbas / Kakali patukunipun / Sisi amantubillah / Kaping kali ing dina kang kari iku / Ingsun Jabrail kang nama / Sasareng nabiye kakasi.

Tan lawas anyuruk lawang / Pan amenga jiiri gupura kangaksi / La ilahailallah / Muhammadarrasulullah / Tan lumaris sakwi malikat asujud / Maring kakasi yang sukma / Lumaris lampa jeng nabiye.

Tan kawarna aning marga / Lampahira nabiye lawan Jabrail /
 Gupura sampun kadulu / Cahya munjar padang / Lewir rahina sumuru ping satera
 luhung / Nabiye panutan wus perapta / Jabrail anjaluk kuri.

Lan menga ten pintu nira / Kang atengga laang agelis sahuri /
 Sapa kang anjaluk pintu / Lawangwunten panumbas / Pan kakali panumbas
 lawangiku / Dihin lamun kaniyaya / Nurana arsa malesi.

Kaping kali punika / Lamun ana wung amasuri din esuri / Jabrail alun amuwus /
 Ingsun Jabrail ika / Kaliyan lan nabiye nirayanga gung / Kinin ngulati suwarga /
 Lama agelis ungakayan kuri.

Tumulya kang tengga lawang / Angungkapi menga gupura adi /
 Katingalan jiri nipun / La ilahailallah / Muhammmadar Rasulullah jirinipun /
 Kang kuri anyapapilak / Muteyara rinengga asri.

Lumaris malebing hura buuraq / Nabiye yang akaliyan Jabrail
 Perasama salaman iku / Mantuk lastari mungga /
 Saperaptani gupura kaping nem iku / Jabrail anjaluk lawang/
 Wenganana kuri mami.

Malikat atunggu lawang / Gelis nahuri sapa kang anjaluk kuri/
 Lawan sapa riwangipun / Kuri wunten panumbas / Pan kakali patukuni lawang iku /
 Lamun nula panumbas / Kang kuri tan amengani.

Dihin suka dhayu kata / Pangucapi arum terus / Pangucapi singati /
 Ping kali lumampa iku / Ing masjid barjamanga / Anahuri jabrail arningsun /
 Angiring nabiye / Apanutan / Kinin ngulati suwargi.

Dining kang amuring malam / Kang atengga lawang anyuruk kunci /
 Tumulya menga kangpintu / Katun jiri gupula / Pan amungal La ilahailallah /
 Muhammadarrasulullah / Malebet nabiye kakasi.

Alenggi lan tunggu lawang / Sasalaman lan nabiye kakasi /
Lumaris ta lampahipun perapta lawang ping sapta / Jabrail anabda anjaluk pintu /
Ingsun wenganana lawang / Kang tunggu lawang nahuri.

Sapa kang anjaluk lawang / Lawan mali sapa ta riwang niki / Lan mali gupula iku /
Iki mawi panumbas / Inggang dihin mura ing tatangga nipun / Kaping kali anarima /
Ing papsti nira yang widi.

Jabrail nahuri sabda / Sun jabrail lan mali riwang mami / Nabiye panutan puniku /
Kinin ngulati suwarga / Dingingyang sukma malikat anyuruk pintu /
Gapula menga tumulya / Katingalan jiri niki.

La ilahailallah / Muhammadar Rasulullah / Nabiye panutan malebu /
Perasamya sasalaman / Pan lumaris kalawan Jabrail iku /
Lawang kaping wallu parapta / Jabrail anjaluk kuri.

Kang tunggu lawang anabda / Sapa sinten inggang anjaluk kuri /
Lamn mali tariwangipun kuri mawi panumbas / Pan kakali panumbas lawang iku /
Dihin lamun katekanan / Lara kariming jeru ati.

Ping kali katibanan nigmat / Asrahaken awakira ing widi / Jabrail aranigmat /
Akaliyan panutan / Kinin diningyang kang muring jagat iku /
Ngulati suwarga mulya / Kang tunggu lawang meharsi.

Tan lawas kang tungu laang / Nyuruk kunci / Menga gupura adi /
Katingalan ciri nipun / La ilahailallah / Muhammmadar Rasulullah ungelipun.
Lumampa nabiye panutan / Malebet sajeru ning sewargi.

Perasamya sasalaman / Sakabihi malikat atunggu suwargi / Sajeru ning kursi puniku /
Akwi awerna-werna / Ana emas tinatera pan inten dadu / Sawani iku muyara /
Rinukmi ukiran adi.

Lumaris nabiye panutan / Kaliyan laan Jabrail / Jeru ning suwarga pan kadulu
 Sakwi hi barang ana / Sakalangkung jembari sewarga kadulu /
 Papetitan werna –werna lalangit ingkang kangaksi.

Fasal

Wunten tadaga kadalu / Kalangung –langkung jembari / Tuyani pegat ararasa /
 Awening lewir kaca adi / Tuya puhan aranira / Yin inumi langkung wengi.

Baran cinipta rassa nipun / Wunten ing jeru tuya niki / Abasca ran tepinira /
 La lari rinukming luwir / Pating keredap murub munjar / Pepetitan werni-werni.

Abasja ran pelam iku / Ahuwit salaka adi / Epangipun emas mulya /
 Ganda santuk / Lan kumainis/ Yin ahuwit emas ika / Epangi salaka adi.

Samya aku andep iku / Lewir mimira ingkang / Ana kang mateng wu wa hira /
 Pakil sadaya / Gudu nginum inda-inda / Ana iju abang kuning.

Tan mawi lemas wu wa hipun / Datan mutus wu wa niki / Jeru perasamya banjaran
 Jeram cina jeram manis / Jeram macan jepun ika / Agengi wu wa hin ka aksi.

Papetitan wernanipun / Sakwihi dunyi / Tan kadi wuwuhan sewarga/
 Yan pinapan yangkung legi / Sadaya legi ing dunya/ Sawiji legi ing suwargi.

Pisan ngipun ing sewargiku / Ahuwit emas linuwir / Gudungipun inda-inda /
 Iju petak abang kuning / Jenaripun werna nira / Apupus cindi linuwi.

Papetitan ing suwrgiku / Jinambangan mas ingukir / Pinilak ja jenengira/
 Arundun jenar awilis / Dadun abang katingalan / Sekar mas kumala wuwahin.

Yin katiyu ping marutu/ Rundun papetitan suwargi/ Unini kadya gamelan /
 Ingdunya tanana tandingan / Sakatahi gingsa dunya / Sawiji gangsa suwrgi.

Gamelan ing suwrga iku / Amuni dawak peribadi / Tan kadaya gamelan dunya /
Dunya esur sadayani / Minaka cacada ngira / Sakwehi jerihing widi.

Tutuwuhan ing suwargiku / Widaddari wastaniki ./Aketa talam katingalan /
Imenisin awerna warni / Lan wuwuhan katingalan /Tanana kurang sadidik.

Lemani suwarga kacatur / Kumkuman lawan kasturi / Ganda tawerus langit sapta /
Karikil inda kangaksi / Inten mimira widurya / Kumala mutyara adi.

Wiyari suwarga puniku / Lampa kanjeng satus warsin/ Maliki samya banjaran /
Elati sawiji-wiji / Pittung puluh pandelengan / Maliki punika asri.

Ing luhur susatya alus / Tinatera pan mira adi /Murub munjar sesetira /
Babatur emas ingukir /Lan mali kang pasariyan /Gumubyar seneng angrawit.

Selani mutyara luhung / Tinatera pan inten adi /Pinatiking nawaratna /
Karangulu susun adi / Lawan mali papajangan / Kang inda-inda angrawit.

Alalangsi tundha pittung /Angraras palinggiyan rukmi / Murub munjar katingalan/
Palinggiyan amarapit/ Widaddari kang anglang-anglang / Perasamya ayu linuwi.

Pittung wung pulu kali iku / Kataipun widaddari / Samya midering palinggiyan/
Ghandati arum amanis / Ayuni tan patandingan / Sarira apetak adi.

Apetak lewir keda iku / Busanani amantesi / Yin dinulang katingalan /
Panbayuni samo kakasi / Anging perji tan katingal / Pan amawi a'ing-aling.

Pambayu nira akadulu / Jengkir ghadhi laki alit / Alisi angruning mimba /
Idepi ang ghidhing ati / Astanipun angghan diwa / Jariji amucuk eri.

Bahu welar anu anaraja / Madeyani amanteram kingis /

Wetis lwewir pudak linapsang / Rimani panjang awilis / Adandan lur wus wudhar /
Widaddari para enti.

Samya bunga nalanipun / Sawani ngidung mantesi / Suwarani tatembalangan /
Kang ginurit nala berangti / Yin perapta kang derabis uma /
Tan windi-windi ingsun angiringa.

Dadeya pawungan ingsun / Salawasi datan gingsur / Tedaken maring yang sukma /
Gelis panggih alingggi / Arsa nungkem padanira / Tumeka ha mundur sarip.

Fasal

Suwarga iku apangkas pan walewung pangkas / Panatarani adi / Pepek kayu mas /
Lan ahuwit salaka / anteyan-teyan tawarna ni / Agudhung sutera diwanggga lingsir
adi.

Samya nedheng wuwuhan kalawan sekar / Luwini kungan gnadani / Palataranira /
Liwat dini arata / Kapur kasturi wedini / Lan wedi emas / Wani mutya adi.

Awedhi mimira ahukub kumkuman / Kaliwat wani niki / Amrik arum kumas /
Lalampahan siwu wersa / Bangawan luwi awening / Anteyan wernaneya /
Kaliwat wangi niki.

Tuya petak kalangkung dineya angraras / Lewir salaka putihi / Legi lewir serakara /
Saweni rasa sara bat / Inda-inda rasaniki / Langkung pi.....
Pantes bangawan suwargi.

Datan kadi bangawan kanga ning dunya / Anderes mili / Akng wari
Mijil jeru maligeya / Ana wining weraksa / Andeyan-andeyan tarasmini
Sapucara neya / Saha sekar sakalir.

Samya nedheng wuwuhan tepisira / inuransa ing duniyiki / karammin mangkana
muwa werna ni waraksa / liwat pantes mas uwiti / gudhung mutera /

gudhung pire mas adi.

Ana gudhung jumanteng lawan muteya/ Lalemesan kanmg adi /
Samirip angraras / Tanana tumandinga / Anteyan-anteyan taramini
Awupa ana muteyara adi.

Ana awupa jumanten pantes katingal / Sahanedheng matengi/ Langkung legi nira/
Sahamarebuk gendaneya / Kamukteyan aning suwargi / Luwi pakinkal
Inggang sanunggal-sanunggalli.

Tan kena ingucap rassani kaliwat / Binjang-binjang rassani / Amrik asung ganda /
Siwung kang aning dunya / Yin angumiyani tuyani /
Ira ning suwarga / Tan kena danggamali.

Lan yin amangana wuwuhan ika / Siwung aning dunya iki /Sapisan kiwala /
Datan amanggi lapang / Malikat ingang kawarni /
Anteyan angraras / Katahi tan kawilis.

Anging sangyang sukma ingang luwi wikan / Akihi kang malikat /
Anteyan warnanira / Sawani malikat ika / Manikem inggang kinardi /
Ana muteyara/ Jarewut kang sawerni.

Malikat muteyara atepi mimira/ Malikat mimiriki/ Atepi muteyara /
Saweni inggang salaka atepi emas rinukmi / kang maligi emas/
Atepi salaka naumi.

Fasal

Inggang warna nira / Maligi sawiji-sawiji / Perasamya amawi cahya /
Lewir sasi inggang sapali / Asur padhang sasi /Sawani inggang kadulu /
lewir sarngingi cahayaneya / Esur padhang sarngingi /
Kawarnaha werna ni lalangi ika.

Sapali lalangssi ratna/ Muteyara kang adi-adi / Wunten diwangga piremas /
 Mutera pan minulam adi / Wunten emas ginawi /Tinatera pan mutia alus /
 Sinungging ing mimira / sawiji-wiji niriki / Inda-inda werna ni lalangsi ika.

Kaliwat angraras / tanana Ingkang tumandhing /Papajangan jarama malikeya /
 Diwanggga lawan taluki / perasamya inda luwi / Amparan sanunggalipun /
 Lalakpitewungd das / Akata talam kakasi / Pan kancana perasamya awarna-werna.

Ana kang talam mimira adi / talam jumanteng lewi / Lan talam muteyara luhung /
 Lan talam ratna pakaca/ inda-inda isiniki / Tur manggeya ing dunya kadya
 mangkana.

Sawani issi juwada / Kang nigmat –nigmat rassani / Sapali issi wuwuhan /
 Talam kang sawiji-wiji / Issi pittung laksiki / Katahi werna warnipun /
 Mewang kadhi sung rassaya / kaliwat asung ghandani /
 Amrik arum tan sama aning dunya.

Sakwihi sasaji ika / Perasamya amawi samir / Sutera diwanggga piremas /
 Sinulam lungsir sutera adi / Taluki muteyara adi / Jumerut jumanteng luhung /
 Lan mali papajangan / Masma issi widaddari / Werna nira kalangkung apilak-
 pilak.

Jatini widaddari ka / Wawangi ingkang kinardi / Wawangi patang perkasa /
 Kasturi lan ngambarsari / Lawan kalungan adi / Winur tuya urip iku /
 Dina dikaken pangiran / Mila kalangkung awangi /
 Aning dunya tanana rupa mangkana.

Yin widaddari bari iluhan / Ing sagara suwartasik / Sakihi banyu sagara /
 Lan mali wasterani adi / alapis pittu iki / anging katingalan niku /
 Gaterani ingkang macar ma / Lan mali rasukan iki /
 Mapan pinetiking ratna inda-inda.

Sami angangi makuta / Pittung dasa werna niki / rinawi ning muteyara /
 Makuta jumanteng adi / Winur lawan widuri / Mimira kumala luhung /
 Rinenggi inten mulya / cahyanipun analuhi / kang wadana anglir wulan kang
 purnama.

Kang yan kiweran dining miga / Panganggihini widaddari / Akemer kalung agelang /
 karuncung emas ingukir / Inda-inda werna mi/ ing dunya nurakamiku /
 Cahyaneya widadarya / Sumar terus pittung langit /
 Aning dunya tanana kadya mangkana.

Nabiye Muhammad ngandika / Maring sira Jabrail / Ngung mihersa wung
 anembang / Suwarani arum amanis / Jabrail lun sabdani /
 Mering nabiye sira iyangagungn/ Lan inggi sapuniki / Widaddari ngin westani /
 Sakatahi ing malikat pernahira.

Cacadangi makhluk ika / kang masma mungga sawargi / Jeng nabiye alun
 sabdaneya / Ingsun arsa anungali / Abun weruha ungging widadari ngin iku /
 Lumaris lampahira / Akaliyan Jabrail / Tana lawas wus perapta ing maligeya.

Widaddari samya mapak / Maring sira kanjeng nabiye /
 Perasamya ibat tumingal / Rupanira langkung asri / Kalintang rasmiki /
 amya gawuk kang andulu / Nur manggi rekun / Ing dunya rupa kayiki /
 Yin sinawanag liwer susuteya ngulatira.

Mung kadi lirikking tingal / Amanis tikeng issemi / Gaterani madya katingal /
 Lan wunder payudarani / Suwarga nika ngaksi / Agawuk ingkang andulu /
 Ing kaluwihanira / Daddi cenggeng lengleng ngaksi /
